

Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON DEVLOPMAN
LOJMAN NAN PRI ABÒDAB AK SANT KOMINOTÈ NAN KONTE YONKERS K AP
KOUTE 39 MILYON DOLA**

***Kanpis Dayspring lan ap pote 63 rezidans solidè epi abòdab ak yon sant
kominotè ki fèk renove nan katye Nodine Hill nan Sidwès Yonkers***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a, kòmansman konstriksyon yon devlopman 39 milyon dola ki gen 63 apatman nan pri ki abòdab ak yon sant kominotè ki fèk renove, sou Kanpis Dayspring, nan Sidwès Yonkers. Dayspring Commons, bilding rezidansyèl kanpis la, ap genyen ladan l 37 apatman ki rezève pou ansyen sanzabri ki pral resevwa sèvis ankadreman sou plas. Anplis, yon ansyen legliz ap transfòme an yon etablisman kominotè modèn 27,400 pye kare yo rele Sant Kominotè Dayspring (Dayspring Community Center). Sant lan ap bay sèvis gadri, lwazi, travay ak konsèy pou vwazen rezidan yo.

"Kanpis Dayspring lan se yon investisman estratejik nan vil Yonkers k ap kreye plis lojman abòdab, diminye kantite moun ki sanzabri epi favorize devlopman ekonomik nan anba lavil la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa se dènye pa nan investisman istorik nou pou asire ke chak Moun New York genyen yon fwaye, e Kanpis sa a ap bay sèvis nesesè, ki enpòtan anpil pou kominote Sidwès Yonkers la ka grandi epi pwospere."

Dayspring Commons, imèb rezidansyèl sis etaj ki fèk konstui a, sitiye nan 227 Elm Street, ap genyen ladan l, yon melanj apatman youn, de, ak twa chanm. Pifò apatman yo ap nan pri abòdab pou fanmi k ap touche 50 pousan oswa pi piti pase Revni Mwayen Zòn nan, ak 15 apatman pou fanmi k ap touche pi piti pase 30 pousan Revni Mwayen Zòn nan. Enstalasyon imèb la ap genyen ladan l, yon sal kominotè, sal egzèsis, sal lesiv, paking kouvri, biwo sekirite ak yon kwen pou chita nan jaden an plennè.

Disèt apatman ap rezève pou fanmi ki sanzabri, ki enkli paran avèk timoun ak fanmi ki gen bezwen espesyal. Fanmi sa yo ap resevwa sèvis ankadreman Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI). Se Westhab, ki se devlopè pwojè a, k ap bay sèvis ankadreman yo, e y ap genyen ladan yo, jesyon dosye, sèvis travay, ak sèvis sante mantal.

Legliz Presbiteryèn Dayspring lan (Dayspring Presbyterian Church), ki te konstui alorijin nan fen 19èm syèk la, ke yo te rele apre Legliz Presbiteryèn Bon Bèje (Good Shepherd Presbyterian Church), ap sibi renovasyon ki enpòtan. Legliz la, ki sitiye nan 320 Walnut Street, te fonksyone kòm Sant Kominotè Dayspring nan dènye ane ki pase yo.

Pwogram nan ap fonksyone kounye a nan yon espas tanporè nan vwazinaj la pandan konstriksyon an ap revove.

Nouvo Sant Kominotè Dayspring lan ap reponn a yon bezwen imen ki pa satisfè ak sèvis pou jèn pou kominote Nodine Hill yo. Westhab ap dirije sant lan epi ofri edikasyon pou adilt, sèvis travay, gadri ak sèvis gadri apre lekòl. Sèvis travay yo enkli atelye sou konpetans nan preparasyon pou travay, ki genyen ladan yo, metòd rechèch, opòtinite miz an rezo ak patwon, ak sèvis pou kenbe travay.

Finansman eta a pou devlopman an genyen ladan l, 7.1 milyon dola obligasyon egzonerasyon pèman taks pèmanan, Kredi Fiskal Lokatif pou Moun Ki Gen Revni Fèb (Low-Income Housing Tax Credits) federal k ap jenere kapital 15.2 milyon dola, ak 13.5 milyon dola sibvansyon HCR. OTDA ap bay sibvansyon lwaye ak finansman pou sèvis sipò sou plas pou inite ESSHI yo. Vil Yonkers te bay 1 milyon dola anvan nan finansman projè a.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare, "Dayspring Commons ap ofri 63 fanmi opòtinite pou viv nan yon bèl, nouvo bilding ki gen aksè fasil pou sèvis gadri, edikasyon kontini ak travay nan Sant Kominotè Dayspring ki akote a. Ansyen fanmi sanzabri yo ap genyen sipò yo bezwen pou yo retounen sou pye yo epi atenn endepandans yo. Nou fyè pou n fè patenarya ak Westhab nan devlopman transfòmatif sa k ap benefisyè tout kominote a epi konsève efò revitalizasyon pou Yonkers kontinye vanse".

Komisè OTDA, Mike Hein te deklare, "Dayspring Commons se yon reutilizasyon adaptatif fenomenal de yon pwopriete legliz istorik ki pral pote nouvo lespwa ak pwomès nan pa lontan, pou jèn fanmi k ap eksperimante sityasyon sanzabri nan youn nan katye ki pi pòv nan Yonkers. Inite sipò ki fè pati pwojè sa ak Sant Kominotè Dayspring ki akote a, ap ofri resous fanmi sa yo ka itilize pou abòde pwoblèm kache ki te kontribye nan enstabilite yo nan lojman. Nou fyè pou fè patenarya ak tantativ sa e nou pa ka tann pou wè repèkasyon pozitif ke pwojè li a ap genyen san dout nan kominote Nodine Hill la".

Prezidan ak PDG Westhab, Inc., Richard Nightingale, te deklare, "Kanpis Dayspring lan konbine ak Sant Kominotè Dayspring ak rezidans Dayspring Commons - ap yon transfòmasyon pou katye Nodine Hill nan Yonkers. Dayspring se yon rezilta anpil ane devlopman kominotè e se ap pi gwo investisman nan kominote sa nan yon jenerasyon. Dayspring ap yon ankraj kominotè santral ak yon katalizè pou devlopman kontini kominote a".

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Kanpis Dayspring lan ap pote lojman abòdab ak sèvis ki enpòtan anpil nan kominote nou an nan Yonkers. Enstalasyon sa ap genyen 63 inite, pami yo 37 ap rezève pou moun ki ap eksperimante sityasyon sanzabri, fanmi ki gen bezwen espesyal, ak paran jèn adilt, pou ede asire ke yo jwenn sèvis ak ankadreman yo bezwen. Anplis, Sant Kominotè Dayspring lan ap bay sèvis travay lokal, konsèy ak gadri. Kanpis Dayspring lan ap ede chanje lavi moun tou senpleman, e mwen fyè pou sipòte investisman sa".

Manm Asanble Nader Sayegh, te deklare, "Lè Kanpis Dayspring lan fini, I ap yon nouvo etablisman inovan ki mete aksan sou enklizyon anvan tout bagay. Nou fyè pou genyen yon nouvo kanpis ki souliyen angajman nou pou renovasyon iben ansanm ak yon apwòch enklizif sou fason nou ka sèvi pi byen kominote ki nan bezwen yo".

George Latimer, Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Bezwen pou lojman abòdab la evidan nan chak kwen nan peyi sa, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou angajman li nan pwoblèm presan sa. Biwo mwen an te antreprann yon Evalyasyon Bezwen Lojman Abòdab pou etabli yon fondasyon ki baze sou done pou asire kreyasyon ak konsèvasyon lojman abòdab yo nan Westchester. Kanpis Dayspring lan p ap sèlman kreye plis opòtinite abòdab pou kèk nan fanmi ki pi vilnerab nou yo, men I ap ofri tou, komodite ki nesèsè tankou gadri, sèvis lwazi ak travay".

Mike Spano, ki se Majistra Yonkers, te deklare, "Lè n investi plis pase 1 milyon dola nan pwojè sa, Yonkers angaje pou I bay lojman dekalite, abòdab, ansanm ak komodite ki solid ak sèvis ankadreman a pifò rezidan defavorize nou yo. Dayspring Commons ap ofri yon apwòch 360 pou ede moun sa yo, e li vin tounen yon sant pou kominote lokal la. Mèsi ak patnè tankou Gouvènè Cuomo, ajans eta nou yo ak Westhab pou kolaborasyon nan efò sa pou amelyorasyon vil nou an ak rezidan li yo".

Plan Lojman an

Angajman Gouvènè Cuomo pran pou I ofri tout Nouyòkè aksè a lojman sekirize, ki abòdab la, reflete nan Plan Lojman san presedan 20 milya dola sou senk an li a. Plan an ap fè gen lojman ki aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a gras a konstriksyon oswa prezèvasyon plis pase 100,000 kay ki nan pri abòdab ak 6,000 lojman ki bay sèvis ankadreman.

Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal) te investi apeprè 895 milyon dola nan Rejyon Mid-Hudson nan ki genyen ladan I Konte Westchester, ki kreye oswa prezève plis pase 11,000 lojman abòdab pou anviwon 30,000 rezidan.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)